

Fòmilè MassHealth pou pataj dosye medikal pou egzonerasyon ABI/MFP

Evalyasyon pou benefis egzonerasyon MassHealth

Fòmilè pataj dosye medikal sa a se pou egzonerasyon MassHealth pou Domaj serebral akeri (Acquired Brain Injury, ABI) e pou Plan vanse devan (Moving Forward Plan, MFP). Objektif fòmilè sa a se pou jwenn pèmasyon pou founisè swen sante ou yo pataje enfòmasyon medikal ou yo. Inite admisiblité klinik pou egzonerasyon ABI/MFP a pral itilize enfòmasyon sa a pou wè si w admisib pou egzonerasyon ABI oubyen MFP w ap aplike pou li a. Si w admisib, depatman sèvis devlopman (Department of Developmental Services, DDS) MassHealth la e MassAbility pral itilize enfòmasyon medikal sa a pou planifye e kowòdone benefis egzonerasyon ou yo.

Direktiv pou ranpli fòmilè pou pataj dosye medikal la

Tanpri, li direktiv sa yo ak anpil atansyon. Nou bezwen kopi dosye medikal ou yo pou n wè si w admisib pou yon egzonerasyon. Si w kite yon seksyon vid, founisè swen medikal ou yo gendwa pa pataje enfòmasyon ak inite admisiblité klinik pou egzonerasyon ABI/MFP a e nou p ap ka deside si w admisib pou egzonerasyon ABI oubyen MFP w ap fè aplikasyon pou li a. Men kisa w dwe konnen pou soumèt fòm sa a.

1. Siyen e date fòm MassHealth pou pataj dosye medikal pou egzonerasyon ABI/MFP
2. Se pou tout siyati yo ekri avèk plim e se pou n gen dokiman orijinal yo. Li pa akseptab pou gen kopi oubyen siyati ki fèt avèk yon so. Siyati elektwonik akseptab.
3. Ka sèlman gen yon siyati sou yon liy.
4. Voyer fòm sa a bay

Imèl:
ABInfo@umassmed.edu
oubyen
MFPinfo@umassmed.edu

Faks:
(508) 856-7754
oubyen (855) 899-7754

Lapòs:
Waiver Unit
UMass Chan Medical School
PO Box 2635
Worcester, MA 01613

SEKSYON 1

Mwen bay pèmasyon pou founisè swen sante mwen site nan seksyon 2 a pataje enfòmasyon medikal mwen site nan seksyon 3 a sou bay inite admisiblité klinik pou egzonerasyon ABI/MFP.
(Tanpri, ekri non aplikasyon oubyen manm lan avèk lèt detache).

(Tanpri, konnen **se pou w siyen non w nan seksyon 5** pou founisè swen sante ou yo pataje enfòmasyon medikal ou yo.)

SEKSYON 2

Tanpri, ekri avèk lèt detache non founisè swen sante yo ki gendwa pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk inite admisiblité klinik pou egzonerasyon ABI/MFP a. **Si w bezwen plis pase twa founisè swen sante pataje enfòmasyon medikal, ranpli tanpri yon dezyèm fòm pou pataje enfòmasyon oubyen kontakte n pou w jwenn yon fòm anplis pou sa.**

Founisè swen sante #1

Non doktè a, sant medikal la, oubyen lòt founisè swen sante:	
Adrès:	
Vil, Eta, Kòd postal:	Telefòn:

Founisè swen sante #2

Non doktè a, sant medikal la, oubyen lòt founisè swen sante:	
Adrès:	
Vil, Eta, Kòd postal:	Telefòn:

Founisè swen sante #3

Non doktè a, sant medikal la, oubyen lòt founisè swen sante:	
Adrès:	
Vil, Eta, Kòd postal:	Telefòn:

SEKSYON 3

Founisè swen sante ki site nan seksyon 2 a gendwa pataje enfòmasyon ki annapre a bay inite sou admisiblite klinik pou egzonerasyon ABI/MFP pou detèmine admisiblite pou egzonerasyon ABI/MFP. Si w admisib, nou gendwa pataje enfòmasyon sa a tou bay DDS e MassAbility pou planifye swen e fè kowòdinasyon swen nan benefis egzonerasyon yo.

Tout dosye medikal oubyen lòt enfòmasyon sou tretman w, ospitalizasyon e/oubyen swen anbilatwa pou maladi ki gen nan yo

- enfòmasyon sou sante mantal oubyen sou sante sikyatrik
- enfòmasyon sou maladi ki transmèt seksyèlman/VIH/SIDA
- tès jenetik (konsilte M.G.L. c. 111 § 70G.)
- kòman twoub aji sou aktivite jounalye e kapasite pou travay
- enfòmasyon sou konsomasyon sibstans
- lòt (dekri tanpri):

Make la si w pa vle founisè swen sante a pataje enfòmasyon w sou

- ☐ enfòmasyon sou maladi ki transmèt seksyèlman/VIH/SIDA
☐ tès jenetik (konsilte M.G.L. c. 111 § 70G.)

SEKSYON 4

Tout enfòmasyon medikal founisè swen sante ou yo bay inite admisiblite klinik pou egzonerasyon ABI/MFP ap kontinye pwoteje anba lwa federal sou konfidansyalite.

Pèmasyon pou pataje enfòmasyon medikal avèk inite admisiblite klinik pou egzonerasyon ABI/MFP a ap fini 12 mwa apre dat ou siyen fòm pou pataj sa a, amwenske ou anile pèmasyon an alekri anvan sa.

M konprann m gendwa anile pèmasyon sa a nenpòt lè depi m voye yon lèt bay founisè swen sante yo mwen site nan seksyon 2 a.

M konprann menmsi m anile pèmasyon sa a, founisè swen sante yo mwen site nan seksyon 2 a pa ka rebran okenn enfòmasyon ki te pataje bay inite admisiblite klinik pou egzonerasyon ABI/MFP a lè founisè swen sante yo te gen pèmasyon m pou yo fè sa.

M konprann desizyon mwen an pou bay founisè swen sante yo pèmasyon pou yo pataje enfòmasyon medikal mwen yo pou benefis egzonerasyon ABI/MFP MassHealth toutafè volontè. M konprann tou enfòmasyon sa yo p ap itilize pou detèmine si m admisib pou benefis egzonerasyon MassHealth oubyen pou planifye swen e fè kowòdinasyon swen **si m pa siyen non m nan seksyon 5 annapre a** pou bay pèmasyon pou founisè swen sante yo pataje enfòmasyon medikal mwen yo.

SEKSYON 5

Siyati aplikan oubyen manm lan:	Dat:
Ekri non aplikan/manm lan avèk lèt detache:	Dat nesans:
Adrès:	Telefòn:
Vil:	Eta: Kòd postal:

Si se yon moun ki gen otorizasyon ofisyèl pou aji onon aplikan an oubyen manm lan (tèlke yon reprezantan otorize, oubyen yon responsab ofisyèl) k ap ranpli fòm sila, ranpli tanpri enfòmasyon ki annapre la a.

Siyati moun k ap ranpli fòmilè sa a:	
Ekri non an avèk lèt detache:	Dat:
Otorizasyon moun k ap ranpli fòmilè sa a pou aji onon moun k ap fè aplikasyon an oubyen manm lan: Tanpri, mete yon kopi dokiman ki bay moun sa a otorizasyon pou l aji onon aplikan an oubyen manm lan.	

Inite admisiblite klinik pou egzonerasyon ABI/MFP pral voye ba ou yon kopi fòm pou pataj dosye medikal ki siyen an pou w sere l nan dosye pèsonèl ou yo. Ou ka, nenpòt lè, mande tou pou yon lòt kopi fòm pou pataj dosye medikal ki siyen an depi w kontakte inite admisiblite klinik ABI/MFP (ABI/MFP Clinical Eligibility Unit) a nan adrès ki annapre a.

Waiver Unit
UMass Chan Medical School
PO Box 2635
Worcester, MA 01613